

Rezime

Collier County resevwa plis pase \$74 milyon dola ki soti nan plan Ameriken pou sove peyi Etazini nan (Fon pou ede minisipalite lokal yo akòz viris Kowona a) pou komin yo ka bay sipò yo pandan y ap fè fas ak enpak ekonomik ak enpak COVID-19 fè sou popilasyon an. Lajan sa a se pou ede chanje efè pandemi an, adrese pèt ekonomik la, epi prepare fondasyon pou ekonomi zòn nan redemare byen pou tout moun. Men kat fason Collier County pral itilize lajan sa yo:

- Kore travay sante piblik;
- Adrese enpak ekonomik ki negatif;
- Ranplase pèt revni sektè piblik la; epi
- Peye travayè esansyèl yo byen peye.

Collier County resevwa \$74 milyon dola pou ede moun reprann aktivite yo sou yon bon bout tan akòz pandemi an.

Collier County kowòdone ak kèk òganizasyon ki pa la pou fè lajan epi ak tout lòt antite ki konsène pou yo pwopoze plizyè pwogram ki va reponn a bezwen kominote nou an (lis la make nan fen paj sa a).

Rapò ki dwe ale nan biwo Trezò piblik Etazini

Plan pou sove Collier County

- 31 out 2021: [2021 Rapò pèfòmans anyèl](#)
- 31 jiyè 2022: [2022 Rapò pèfòmans anyèl](#)

Chanjman nan Plan pou sove Collier County

- [Chanjman 6 Plan ARP pou sove Collier County 07.12.2022](#)
- [Chanjman 5 Plan ARP pou sove Collier County 03.22.2022](#)
- [Chanjman 4 Plan ARP pou sove Collier County 12.15.2021](#)
- [Chanjman 3 Plan ARP pou sove Collier County 11.5.2021](#)
- [Chanjman 2 Plan ARP pou sove Collier County 10.20.2021](#)

Plan pou chak twa mwa ak Rapò pou tout depans

- [Premye twa mwa yo 2022 \(Janvyè a Mas\)](#)
- [Dezyèm twa mwa yo 2022 \(Avril a Jen\)](#)

Pwojè anyèl ak rapò depans

- [Mas - Desanm 2021](#)

Enfòmasyon ak resous

Kès leta Etazini: Fon Coronavirus pou retablisman fiskal zòn lokal yo ak Eta yo

Si w bezwen plis ransèyman sou valè lajan Eta kote ou rete a oswa gouvènman lokal la resevwa akòz Viris Kowona a pou ede yo reprann aktivite yo, ale sou sit web sa a: US Department of Treasury's website kote w ka jwenn kèk paj enfòmasyon ak paj done, yon gid referans ki rapid epi regleman yo met anplas pou kote ki sèvi ak finansman sa a.

Si ou vle jwenn plis ransèyman, ou kab rele nan nimewo sa a tou 239-252-2273



Men kouman yo pral distribye lajan ARP a



\$11.6 Milyon

Mògej/lwaye, bòdwo kouran, gaz ak dlo, sèvis pou ede moun jwenn lojman, bati nouvo pou moun lwe, kay ki pa koute twò chè Collier County va jere atravè CHS, Tribinal yo, epi patenè ki okipe afê kay pou moun rete.



\$1.5 milyon dola

Èd pou moun ki vilnerab epi pou fanmi atravè sèvis ONG



\$5.75 milyon

Pwomosyon sante ak byennèt moun. David Laurence, PLAN, ak Asosiyasyon Togetherhood va jere pwogram sa a.



\$6.7 milyon

Pwogram sekirite alimantè ki va bay moun aksè a plis manje yo fè nan zòn nan, manje lokal ak manje ki fre atravè bank manje epi edikasyon. CFCC ak UF IFAS va jere pwogram sa a.



\$6.5 milyon dola

Sibvansyon pou ti biznis mentni aktivite yo epi pou ede yo reprann aktivite yo. Collier County Seksyon CHS ak òganizasyon ki pa la pou fè lajan va jere pwogram sa a.



\$2 milyon dola

Ekipman pou pwoteje moun ak ekipman pou ede moun evite pran Covid-19, tankou mask, dezenfektan, ak sistèm pou filtre dlo. Collier County Hospitals ak CHS va jere pogram sa a.



\$22.3 milyon dola

Sipò EMS pou jan yo reponn a COVID-19 an 2006. County va jere pwogram sa a.



\$10 milyon dola

Sèvis leta, menm sa gouvènman lokal la abitye bay yo ladan tou, tankou pwoteksyon popilasyon an. Collier County va jere pwogram sa a.



\$2.6 Milyon

Elaji epi amelyore pwogram edikasyon pou reponn a mank edikasyon pwofesè bay etidyan an pèsòn. Collier County va jere pwogram sa a ansanm ak Bibliyotèk leta nan minisipalite a epi ak Mize yo.



\$5.85 milyon dola

Administrasyon pwogram, teknoloji pou jesyon sibvansyon, chèche moun pou travay, epi kontwole moun ki anba moun ki resewa sibvansyon yo. Sèvis evaliyasyon FGCU yo ladan tou.